

## **NÒT POUR LAPRÈS PA ANDRE M. APAID**

Si m pran la penn pou m ekri nòt sa a jodi a, se pou konpatriyòt mwen yo, kolaboratè m yo ak fanmi m yo konprann mwen, apre kominike pou laprès enkonpreyansib ke Minis Afè Etranjè peyi Kanada a, Madan Mélanie JOLY pibliye, kote li mete mwen sou yon lis sanksyon kote yo akize mwen de "vyolasyon dwa moun, ak vyolans seksyèl".

Mwen se yon sitwayen ayisen-ameriken ki angaje e **pozisyon mwen** pou yon rezolisyon pasifik nan kriz grav ke peyi m Ayiti ap travèse, aktè politik yo ak sosyete civil la byen konnen li.

Sou kesyon gang ak dezameman: **chak anbasadè Kanada depi 2004**, eksepte sa ki an plas kounyen a, Mesye Sébastien Carrière, ke mwen pa rankontre, **temwen** efò mwen ak kontribisyon m pou reisi yon dezameman pasifik. Se menm bagay pou pifò anbasadè peyi zanmi yo ak reprezantan Nasyonzini ak staff yo. Mwen ka konfime ke, an ekip, ak reprezantan Dwa Moun, reliye ak pèsonalite kredib e ki gen kouraj nan sosyete civil la, nou te pran dispozisyon, omwen nan 4 okazyon, pou mande intènasyonal la ede peyie a e pou tante mennen sèten lidè gang rantre nan you pwosesis dezameman e depose zam. An 2004, espesyalman, ak akonpayman Minis la Jistis la, Chèf Lapolis la ak 2 reprezantan Nasyonzini, apre yon negosyasyon ki te fèt sou inisyativ mwen, nan biwo mwen, 9 chèf gang te aksepte kòm premye etap, pou yo chak depoze 10 zam devan otorite lapolis, e sa san kondisyon (ref. jounal LA NATION 17 fevriye 2004 – ak foto). Yon lòt lè, kan mouvman gang yo rekòmanse, nan 3 okazyon, e sou demann 2 chèf lapolis, **ki okouran de efò nou te fè anvan yo**, akonpaye ak menm pèsonalite Dwa Moun, reliye ak Sosyete Civil yo, e apre echanj ak ankourajman plizyè anbasadè kominate entènasyonal nan, nou te eseye ankò. Nou te konnen ke chans yo te fèb men nou tout te deside avanse lè nou wè peyi a ap efondre e apre PNH te jwenn li nan gwo difikilte (pa egzanp ensidan nan vilaj de Dye an mas 2021). An plis, mwen deklare ke tout konpayi nou ak fanmi mwen te kenbe yon politik strik e pran kouraj nou pou nou pa bay lajan oswa machandiz a gwoup ame. Sa fèt nan pran gwo risk pou kolaboratè nou yo ak pitit gason m yo, e mwen fyè de yo anpil.

A tout konpatriyòt mwen yo, mwen konfime ke kè mwen rete nan bon plas li, sitou sou kesyon wete zam nan men jèn nou yo e pou nou rive fè bon elekson pou bay peyi nou yon chans pou li relve eskanp li. Mete travay nan peyi a se konsa prensipalman mwen te swete kontribye a Ayiti nou an, malgre plizyè moun te kritike m paske m pa t kontinye suiv chemen politik la. **A Madame Joly, Minis yon peyi ki gouvène pa règ lalwa, mwen mande li verifye sous li yo ak infòmasyon li resewa.** Mwen voye jete byen lwen ak tout fòs mwen tout akizasyon oswa infòmasyon kote yo sispèk sou kontribisyon mwen nan klima ensekirite oswa koripsyon ki enkonpatib ak kalite travay ke nou ofri konpatriyòt nou yo depi dè dizèn lane an patenarya ak de konpayi Kanadyen ak Ameriken serye.

Antanke yon endistriyèl k ap pouswiv yon tradisyon familyal depi 71 lane, kote nou fè efò pou n ede kreye plizyè dizèn milye djòb nan peyi a malgre pwoblèm grav konpayi nou yo ak kolaboratè nou yo k ap travay nan sektè endistriyèl ak agrikòl viktим. De endistri frajil ki se premye kote ki frape pa ajitasyon sosyal ak enstabilite.

Aktyèlman sou tè fanmi Déjoie yo ki te konfiske an 1957, ke Gouvènman ayisyen an te remèt yo nan dat 25 mas 1986 (Monitè No 28), nou kòmanse yon gwo pwojè agrikòl nan plato santral la ki ede kiltivatè ak abitan nan zòn nan benefisyè e ki pral gen yon gwo kontribisyon nan peyi a ak kreyasyon plis pase 20,000 djòb sou 7 ane kap vini yo. Sou sosial la : gen tè ki dejà distribye bay kèk kiltivatè, bay Meri St Michel de l'Attalaye pou louvri yon lise e monte yon mache piblik (finanse pa Bank Mondyal). Pwojè a bay tè tou pou louvri yon lekòl ekselans ki an konstriksyon kouniyen a, ki prewwa pou l ofri bous detid konplè bay 250 jèn nan zòn nan. Tout sa a yo reprezante pasyèlman efò sosyal ki ap fèt nan pwojè sa a.

Anons mezi inkonpreyansib sa a pa Minis Afè Etranjè Kanada a pral fè anpil tò a devlopman pwojè sa a, ak travay nou sou wout bay, ak inisyativ sosyal yo. Konsekans li pra l agrandi soufrans moun ki nan plis bezwen yo e ki pi vilnerab yo.

Sepandan, ak lapriyè, èd Bondye, fanmi m ak kolaboratè nou yo, m ap kontinye goumen pou m kontribiye pou sa ki byen ak sa ki bon genyen sou difikilte peyi nou an.



Andre M Apaid  
Pòtoprens, jou ki 26 jen 2023